# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЕКИНШИ ЖЕР ЖҮЗИЛИК УРЫС ДӘЎИРИНДЕ ҒАЛАБА ХАБАР ҚУРАЛЛАРЫНЫҢ ОРНЫ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ

***Қабулова М.***
*ҚМУ еркин излениўшиси*

**Tayanch so'zlar:** матбуот, журналистика, текст, мақола, ўрганиш.
**Ключевые слова:** пресса, журналистика, текст, статья, обучение.
**Key words:** press, journalism, text, article, training.

Илимниң жетискенлерин пропагандалаў ҳәм оның турмысқа ендириў де газетаның тутқан орны оғада әҳмийетли. Өйткени газета халықтың барлық қатламларына хызмет етеди. Оның бетлеринде жеңил тилде жазылған илим жаңалықларын ҳәр бир саўаты бар адам қызығып оқый алады. Ол өндирис орынларын ҳәм де басқа мәкемелердиң өз ислерин илимий тийкарда шөлкемлестириў жолларын ҳәм илим тийкарларында ерисилген нәтийжелерди жәмийетликке хабарлаў менен илимниң турмыс пенен байланысын беккемлеўге үлкен жәрдем тийгизеди, илим қәнигелерин жәмийетшиликке таныстырады, оларды өзиниң оқыўшылары менен тығыз байланыстырады. Газетаның бул хызмети негизинен илимниң раўажланыўына, оның кадрларының өсиўи ҳәм көбейиўине мүмкиншилик туўдырады.

Қарақалпақстанның урыс жылларындағы илимий тарийхый урыстан соңғы он жыллықты жәмлейтуғын екинши дәўирде қайта исленди. Қарақалпақстан мийнеткешлериниң душпан үстинен жеңиске ерисиў ушын болған халық аралық гүреске қатнасқанлығы ҳаққында сораўға жуўапты [13]Э.А.Воскобойников ҳәм [15]Б.Д.Дасцюктың илимий жумысларынан көриўге болады.

Урыс жылларындағы Қарақалпақстан баспасының жумыслары ҳаққында [14]У.Суюновтың «Қарақалпақстанның китап баспасына арналған публикациясында еслетип өтиледи. Бул публикацияда баспаның урыс

жылларындағы ўатанды қорғаў ушын болған қызығыўшылығына толығы менен бағыныңқы ис алып барғанлығы ҳаққында сөз етиледи.

Сондай-ақ, газетада [20]А.Толстойдың [21]И.Эренбургтың, Л.Леоновтың ҳәм басқалардың үлгиси бойынша қарақалпақ шайырлары характери жағынан жоқарыда аты аталған рус жазыўшыларының публицистикалық мақалаларын жазған. Буған [23] Ж.Аймурзаевтың «Жеңис ҳаўазы» атлы мақаласы ҳәм «Тағы да алға» деген мақалалары мысал бола алады. Бул мақалаларда автор Армиямыздың женисли түрде алға илгерлеўлери ҳаққында, гитлершилердиң хорлықлы аўҳалы ҳаққында, душпанды қуртыўға ант ҳаққында, халықлар дослығы ҳаққында айтып, душпанда ақырына шекем қуртыўға шақырды. Бул мақалалар: «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1941 жыл 1-май санында, «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1944 жыл 3:1442 санында басылған.

Бирақ урыс дәўириндеги критика, драматургия ҳәм проза сияқлы, турмыстан артта қалып қойған, оның үстинде жазылған мақалалардың бир бөлеги тек жазылған шығармалардың атынатап өтиў менен, повестлер жазыўға, исендирерлик болмаған шақырықлар жуўмақластырылған, исенимсиз дәлиллер менен толтырылған.

Рус тилинен қарақалпақ тилине көбинесе фронт ҳәм тылдың қаҳарманлық ислерин, айрым жаўынгерлик жағдайларды сүўретлейтуғын публицистикалық қосықлар, очерклер тағы да басқа, яғный киши жанрлар формаларындағы, бирақ усы жыллардағы қызғын ўақыялардың талабына жуўап беретуғын шығармалар аўдарылған.

«Таня» атлы очерклер топламы (Нөкис 1942 жылы) партизанлардың каҳарманлық ислери сөз етилген. [22] Н.Дәўқараевтың «Әдебиятымызды тағы да көркейтейик» деген мақаласы «Қызыл Қарақалпақстан» газетасы 1944 жыл 3.216 санында жәрияланған.

[24] В.Василевскаяның «Бир өзи алтаўға қарсы» деген гүрриңинде урыстың бир эпизоды берилген, «Жас қаҳарман», (Нөкис, 1942 жыл.) Ал, [20] А.Толстойдың «Аянбаслық» атлы публицистикалық гүрриңинде қаҳарман тыл ҳаққында Өзбекстанның хожалық планының орынланыўы ҳаққында сөз етиледи. Б.Полевой «Ҳүжим даўам етпекте» деген гүрриңинде орталық фронттың қаҳарманлық ислери ҳаққында айтылады. [21]И.Эренбург «Бәҳәр» деген публицистика гүрриңинде Совет жаўынгерлериниң жеңимпаз атланыслары ҳаққында айтады. «Правда» газетасынан алып басылған еки очерк. «Бизиң уллы балаларымыз» деген ат пенен (Нөкис 1942 жылы) басылған. [20]А.Толстойдың «Биз нени қорғаймыз?» деген публицистика мақаласы (Нөкис 1942 жылы) басылып шығарылған. [19]М.Шолоховтың

«Душпанды өшпенлилик пенен жек көриў» деген мақаласы (Нөкис 1941 жылы), «Жаўангерлик эпизодлары» деген топламда (Нөкис 1941-жылы) ҳәрекеттеги армиядан алынған қысқа хабарлар менен гүрриңлерди ушыратамыз.

Шайырлардың көпшилиги урыс ўақыяларына тез жуўап бериўге мүмкиншилик беретуғын патриотлық, лирикалық қосықлар, очерклер, гүрриңлер, публицистикалық мақалалар, урыс эпизотларын сүўретлейтуғын қосықлар ҳәм поэмалар сыяқлы жанрлардан пайдаланған.

Орайлық газеталардың үлгиси бойынша қарақалпақ баспа сөзи қарақалпақ жазыўшыларының шығармаларына кең орын берип барған. «Правда» ҳәм «Известия» газетасы бетлеринде рус жазыўшыларының романлары ҳәм пъессалары шығып турса, қарақалпақ газеталарының бетлеринде усы жылларда оғада көп қосықларды, публицистикалық очерк шығармаларды ушыратыўға болады.

Усы дәўирде газета бетлеринде фронты тыл менен, ата-ананы өз перзентлеринен, фронттан хабар жеткериўши телеграф, почтадан қалай пайдаланыу мүмкиншиликлер барлығын да түсиндирип турған.

Бул Уллы Жеңисте Қарақалпақстанлы журналистлердиң де салмақлы үлеси бар, олардың тарийхта орны да гиреўли. Қарақалпақстан жазыўшылары да екинши жер жүзилик урыс жылларында өз жумысларын фронт мәпине ылайықлап қайта қурып, көркем сөз бенен халықтың патриотлық рухын көтериўде, туўысқанлықты, халықлар дослығын жеңиске исенимди беккемлеўде, басқыншыларыға өшпенли жек көриўшиликти тәрбиялаўда белсене жәрдем берип отырды. «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1941 жыл, 4 –июль санында «Биз, қаракалпақ жазыўшылары, бир азамат болып гүрес майданындамыз деп есаплаймыз, қәлемимизди душпанды түйреўши найзаға айландырамыз, керек болған жағдайда Ўатанымыз ушын жанымызды да беремиз. Мәденияттың душпаны-фашизм жоқ болады»-деди олар жыйналысында. Олар өзлериниң дәслепки жаўынгерлик рухтағы шығармалары менен пикир билдириўлеринен баслап ақ бизиң жеңисимизге болған халық кеўилиндеги исенимди қуўатлап, қәҳәрли гүреске шақырды. «Сырт еллерде» рубрикасы менен газетаның соңғы бетинде кишкене хабарлар берилип барылған. Мысал келтирип өтсек «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1943 жыл 4 апрельдеги санында «Англия авациясының Берлинге топылысының анық хабарлары» атамасындағы хабарында Лонданнан 29 марттан (ТАСС) тан алынған информация берилген. Онда Авиация министрлигиниң билдириўи менен 28 мартқа қараған түни Берлинди бомбалаў 30 минут даўам еткен. Шпрее

дәрьясының еки жағасында да көп жерлерде үлкен өртлер пайда болғаны көринген. Урыстың барлық даўамында Лондонға жасалған ҳүжимлерден Берлинге жасалған ҳүжим әдеўир күшли болған. Лонданда ең күшли бомбалаў 1941 жылы 17 апрельге қараған түни болғанлығын хабарлаған.

Тап усындай «Англия бомбардировщиклериниң Берлинге ҳәм Рурға топылысы», «Англияның сегизинши армиясы Габести алған» атамадағы қысқа хабарлары берилип барылған.

Буннан тысқары екинши урыс дәўиринде бас тема пахта егинине арналған. Мәселен, газетаға «Пахта егисин өз ўақтында ,қысқа сорк ишинде, жоқары сапалы тип өткериў мол зүрәәт алыўға гиреў.

Барлық күш, барлық мүмкинштилик пахта егисине жумсалсын!» деген уран менен басланған.

Пахта темасында 3-апрель 1943-жыл номери 72(3463) санында газетаның биринши бетинде «Пахта егисине барлық күш жумсалсын» атамасында бас тема болып жәрияланған. Онда, республикамыздың алдыңғылары қатардағы колхозлары 1943-жылдың урыс-хожалық планларын артығы мененорынлаўы ушын бәҳәрги егиске таярлық жумысларын шөлкемлескенлик пенен өткергенин. Сондай-ақ, колхозшылар арасында мийнет дисциплинасын беккемлеп, миннеттиң өнимли болыўы ушын ғүресип киятырғаны ҳаққында сөз етиледи.

Тап усындай, «Пахта егиси ен жайыўда», «Жумысты шөлкемлестирген бригада» атлы мақаланы Қоңырат районынан З.Төреев авторлығында жазылған. Тийкарында бул мақалада Қоңырат районының 9 аўылсовет, Киров атындағы колхоздың 2 ши бригадасында егиске таярлық жумыслары қызғынлы пәт пенен өткерилип атырғаны. Колхозшылар арасында социалистлик жарысын ен жайдырылып, норманы артығы менен орынлаў ушын гүрес күшейтилип киятырғаны, онда Мадияров, Тлеўмуратов сияқлы колхозшылар күнине еки есе норма орынлап жургени. Сол сыяқлы Шүкир Алламбергенова, Қабулова ҳәм Бекниязова сияқлы стахановшылар күнделикли нормаларын артығы менен орынлап киятырған ҳаққында сөз етилген.

4-апрель 1943-жылғы 73 (3464) санында «Фронтлық бир айлықтың жуўмақлары» айдары менен аўыл-хожалығындағы зүрәәт ҳаққындағы районлардан алынған мақалалар жәрияланған. Мәселен, тахтакөпирли Айман Айымбетовтың «Фронтлық бир айлықтың жуўмақлары» рубрикасы астында «Пахтаның жоқары зүрәәты ушын гүрес» атлы макаласы жәрияланған. Онда «»Тахтакөпир районыныңғы қатардағы колхозлары бәҳәрги егиске таярлық жумысларын кеўилдегидей шөлкемлестиргени,

әсиресе, Өзбекстан ақсақалы Ахунбабаевтың естелигене фронтлық бир айлыққа қосылып,мийнеттиң өнимли болыўы ушын жаңа көрсеткишлерге жетиў ушын колхоз атызларындағы жумысты қызғынлы пәт пенен ислеп киятырғаны сөз етилген. Сондай-ақ, усының нәтийжесинде фронтлық бир айлықта бир канша табысларға жетискенлигине кеңнен тоқталған. Буннан тысқары Қараөзектиң арнаўлы хабаршысы Р.Өтепбергеновтың «Мол зүрәәт алыў ушын», мойнақлы Ж.Тлеўбергенниң (Тлеўберген Жумамуратов) «Балық продукталарын көп өндириў ушын гүрес» атлы мақалаларында жумысқа жарайтуғын адамлардың барлығы да атыз жумысына шақырылып, олардың нормаларын толық орынлап атырғаны ҳаққында сөз еткен. Усы тақыллетте, Ж. Тлеўбергенниң (Тлеўберген Жумамуратов) де мақаласында Мойнақ районының 8 аўылсовет «Октябрдиң VIII жыллығы» колхозы балық продукталарын көп өндирип киятырган алдағы колхозлардан екенлиги айтылып, Ж.Айтмуратов ҳәм басқалар балық аўлаў жумысларына жақсы таярлықлар менен кирисип, планды артығы менен орынлаў ушын колхозшылар арасында сиясий тәрбия жумысларын кең түрде жүргизип, ҳәр бир балықшының планды артығы менен орынлаўы ушын социалистлик жарысты ең жайдырғанлығын сүўретлеп берген.

Газетаның усы санында лейтенант Есет Айымбетовтың «Жеңемиз урыс майданында» қосығы жәрияланған.

*«Мен бараман урысқа*
*Өз елимди қорғаўға,*
*Атам-анам, халық ушын*
*Бар өмиримдур саўға.*
*Командирим батырым,*
*Берди бизге команда.*
*Командасын қолға алып,*
*Жигерленип жасанып,*
*Шықтым урыс майданға.*
*Туўысқан батыр алпыс миллет*
*Бирлиги нық полаттай берк,*
*Дабыл қақты майданда....»* қатарлары менен басланған қосығы 1943-жылдың 29 январь күни жарияланған.

Сол дәўирде газетаның жуўаплы редактордың ўақытша миннетин атқарыўшы А. Бекмухамбетов болған.

4 апрель 1943 жылдың № 73 (3464) газетасының баҳасы 20 тийин болған. Газетаның екшемби санының 1 бетинде «Қызыл Армияның қы-

стағы компаниясының жуўмақлары» (1942 жылдың 10 ноябри менен 1943 жылдың 31 март арасы) атамасында «Совет информбюросы»нан алынған бас мақала жәрияланған. Мақалада 1943 жылы 31 мартта Қызыл Армия немец-фашистлик әскерлерге қарсы қыстағы кампаниясын ақырлағанын сөз еткен. Сондай-ақ, Қызыл Армия қыстың ең қыйын жағдайларындағы төрт ай ҳәм жигирма күн топылысының ишинде бир қатар участкаларда батысқа қарай 600-700километрге шекем илгериледи. Әскерлер 480.000 квадрат километр оғада кең территорияны немец баскыншылардан азат етти. Қызыл Армияның топылысының нәтийжесинде елимиздиң экономикалық ҳәм урыс-стратеиялық үлкен әҳмийети бар районлары душпаннан тазаланды. Воронеж хә Сталинград областлары, Чечен-Ингушетия, Арқа-Осетия, Кабардин-Балкария ҳәм Қалмық автономиялы республикалары, Ставрополькрайы, Черкес, Карачай ҳәм Адигей автономиялы областьлары толығы менен, Краснодар крайы, Ростов ҳәм Курск областлары пүткиллей дерлик, Ворошиловград, Смоленск ҳәм Орёл областьларының әдеўир бөлеги, онлаған үлкен қалалары жәнe көп мыңлаған аўыллары ҳәм елатлары менен азат етилди.

Қызыл Армия душпанды батысқа қарай кейин серплеп таслап, елимиздиң оғада әҳмийетли суў ҳәм темир жол қатнас жолларын босатты, соның ишинде душпан 1942 жылы гүзекте кескен Волга жолын қайтадан ашты. Дон дәрьясының барлық узына бойын жаў әскерлеринен тазалады. Сталинград-Поворино, Сталинград-Лихая-Ворошиловград, Сталинград-Краснодар, Владикавказ- Дондағы Ростов, Лиски-Миллерово-Шахты-Дондағы Ростов,Елец-Касторная-Валуйки-Ворошиловград, Москва-Вязьма, Москва-Ржев-Великие Луки ҳәм басқа да көп темир жол магистраллары душпаннан азат етилип, ислеўге кирискени ҳаққында айтылған.

Буннан тысқары усы санда «Ер ҳәм ҳаял колхозшы-жолдаслар! Пахта егисиниң қызғынлы ўақты келди. Пахта егисиниң сапалы болып өтиўи ушын ғалаба жумысқа шығып, аянбай ислең! Ис нормаңызды асырып орынлаң! Қаҳарманлық ғайратынызды көрсетиң!» деген уран менен газетаның биринши бетиниң басына тылдағы пукараларға шақырық берилген. Бундай шақырықлар екинши урыс жылларындағы газета бетлериниң дерлик ҳәммесинде бар еди.

Соның менен бир қатарда газетаның усы санында, «Совет информбюросынан» берилген мағлыўматта 2 апрелдеги кешки хабарлар жәрияланған.

Кегейлиниң арнаўлы хабаршысы Р.Өтепбергеновтың «Пахта егиси» атлы мақаласы жәрияланған. Мақалада райондағы көпшилик колхозлары быйыл пахтадан айрықша мол зүрәәт алыў ушын егиске ертерек таярлық корип атырғаны ҳаққында сөз етилген.

Буннан тысқары усы темада Шаббаздан телефон арқалы жазып алынған «Пахта егиси қызғынлы басланды», Куйбышев районынан «Пахта егиси үлгили даўам етип атыр» мақалалары берилген.

Қызыл Қарақалпақстан газетасының 6 апрель 1943 жылгы санында болса, Тап усындай «Отличный байланысшы» көкрек нышанын тастыйықлаў туўралы СССР Жоқарғы Советы Президиумының Председатели М.Калинин ҳәм СССР Жоқарғы Совети Президиумының Секретары А.Горкинның указы берилген. Указда Кызыл Армияның, Урыс-Теңиз Флотынын ҳәм НКВД әскерлеринин қатардағы жәнe киши басшы дизиминен айрықша белгили болган байланысшыларды көтермелеў мақсетинде Совет Социалистлик Республикалар Союзынын Жоқарғы Советиниң Жоқарғы Президиумының қарары менен «Отличный байланысшы» көкрек нышанынын үлгиси тастыйықланған.

Сол бетте «Қурылысшыларға жәрдем» атлы информация Н.Қабуловтың атынан жарияланған. Онда Хожели районының колхозшылары, рабочий хызметкерлери Фархад ГЭС қурылысшыларына жәрдем бериў исин кеўилдегидей отип атырғанын, сондай-ақ, 7 аўыл Карл Маркс атындағы колхоздың председатели Смайыл Аманбаев жәрдемге бир қой ҳәм колхозшылар 5 қой жыйнап бергени, буннан тысқары 5 аўыл «Қызыл дийхан » колхозының колхозшылары 2сыйыр, 200 кг дан бергени, район бойынша қурылысшыларға жәрдемге 9 сыйыр, 53 қой, ешки, 1776 кг дан жыйналғаны ҳаққында мағлыўмат берилген.

Тап усындай мағлыўматты Р.Отепбергенов та Шымбай қаласындағы мекемелерден ақшалай, ягный мийнет ҳақысынан еки күнлик мийнет ҳақысын өткергенлиги туўралы айтып берген.

Буннан тысқары, «Совет информбюросынан » 4 апрелдеги кешки хабар, соның менен бирге СССР Халық Комиссарлар Советинен мағлыўматлар берилип барылған.

Әдебиятлар:

1. Қарақалпақстан АССР тарийхы 1—2 том «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис; 1977-жыл.

2. «Вестник Московского Университета» серия №10, Журналистика 1/1985 год (№3 серия 10 журналистика.)

4. Журналистика теориясы ҳәм практикасы бойынша бағдарлама (публицистика жанрлары). Нөкис; 1995-жыл.

5. Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының хабаршысы. №1. Нөкис; 1985-жыл.

6. О.Сейтов «Естелик» китап. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис; 1995-жыл. 1-2-3-4-томлар.

7. Ерниязов Қ. «Еркин Қарақалпақстан» газетасына 70-жыл «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. Нөкис; 1994-жыл.

8. «Жеңис қосықлары». (Жаўынгерлик жыллардың қосықлары). «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис; 1975-жыл.

9. Жумамуратова М. «Сөз маржанын дизгенлер» «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис; 1994-жыл.

10. «Жалынлы жыллар қосықлары». «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис; 1966-жыл.

11. «Биз жеңемиз» қосықлар топламы. Нөкис; 1942-жыл.

12. «Жаўды жексен етемиз». Нөкис; 1941-жыл.

13. Восковойников Э.А. «Уллы Ўатандарлық урыс жылларындағы өзбек халқы». Ташкент ӨзССР Мәмлекетлик баспасы, 1947-жыл.

14. Суюнов У. «Қарақалпақстан китап баспасы». ӨзССР И.А. Қарақалпақстан филиалының хабаршысы. 1964-жыл, 1-сан.

15. Дасцюк Б.Д. «Газета в системе средств массавой информации и пропаганды». Вопросы теории и методов идеологической работы. Выпуск 3. 1974-год.

16. «Қызыл Қарақалпақстан» газетасы 1942 жыл 3.191

17. «Қызыл Қарақалпақстан»газетасы 1942 жыл 3.280

18. «Қызыл Қарақалпақстан»газетасы 1944 жыл 3.85 санлары.

19. М.Шолохов «Душпанды өшпенлилик пенен жек көриў» (Нөкис 1941 жылы) .

20. А.Толстойдың «Биз нени қорғаймыз?» мақала (Нөкис 1942 жылы).

21. И.Эренбург «Бәҳәр», «Бизиң уллы балаларымыз». «Правда» газетасы. (Нөкис 1942 жылы).

22. Н.Дәўқараевтиң «әдебиятымызды тағы да көркейтейик» «Қызыл Қарақалпақстан»газетасы 1944 жыл 3.216 саны.

23. Ж.Аймурзаевтың «Жеңис ҳаўазы» ҳәм «Тағы да алға» мақалалар «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1941 жыл 1-май саны, «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1944 жыл 3:1442 саны.

24. В.Василевская «Бир өзи алтаўға қарсы»,«Жас қаҳарман», (Нөкис, 1942 жыл.)

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada“Qoraqalpog‘iston matbuoti” maqolasida Ulug‘ Vatan urushi yillarida matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlari faoliyatining samarali damlari haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье «Пресса Каракалпакстана» рассказывается о продуктивных моментах деятельности работников печати и средств массовой информации в великой Отечественной войны.

**SUMMARY**

The article "The Press of Karakalpakstan" tells about the productive moments of the work of the press and the media during the Great Patriotic War.